

# VIL BOSTON COMMUNITY CHOICE ELECTRICITY

## KISA LI YE

Community Choice Electricity se yon pwogram minisipal ki bay kliyan li yo kouran elektrik.

## KIJAN LI FONKSYONE

Vil la siyen kontra ak founisè kouran elektrik yo nan non kliyan ki nan pwogram lan. Community Choice Electricity itilize pouvwa dacha kolektif fanmi ak biznis ki nan Boston yo pou bay kouran elektrik renouvlab ak abòdab bay tout moun ki nan pwogram lan.

## KISA LI OFRI

- Kontwòl lokal sou alimantasyon kouran elektrik nou an
- Gen aksè ak kouran elektrik ki renouvlab epi ki pwodui nan nivo lokal
- Pri abòdab ak estab\*
- Yon sous ki fyab ki garanti pwoteksyon kliyan an

## KIJAN POU PATISIPE

- Tout moun ki gen yon kont kouran elektrik nan Boston elijib pou patisipe.
- Enskripsyon an otomatik pou tout kilyan Eversource Basic Service ki pa chwazi anile enskripsyon yo.
- Enskri oswa soti nan pwogram lan nenpòt kilè san w pa peye penalite pou sa.

## KISA KI P AP CHANJE

- Eversource ap toujou rete founisè sèvis piblik la. Y ap kontinye fè faktirasyon ak founi kliyan yo sèvis epi rezoud tout pwoblèm ki gen ak rezo elektrik la.
- Kliyan yo ap kontinye jwenn avantaj nan pwogram enèji yo, plan peman ak kredi solè yo.

**VIL PA NOU. KOURAN ELEKTRIK PA NOU. CHWA PA NOU.**

Pou jwenn plis enfòmasyon, vizite: [boston.gov/community-choice-electricity](https://boston.gov/community-choice-electricity)

\*Tarif pwogram Community Choice Electricity yo ka pa toujou pi ba pase tarif Eversource Basic Service yo. Pwogram nan pral fè tout sa k posib pou li fè kliyan yo ekonomize parapò ak Eversource Basic Service. Sepandan, nou pa ka garanti w ap fè ekonomi. Pou w konn plis sou pri pwogram lan ak òf li genyen pou kouran elektrik, vizite sit entènèt pwogram lan.